

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Topik ngeunaan awéwé téh tara béakeun jeung tara tiiseun. Loba hal anu matak ngirut pikeun dibahas atawa ditalungtik, boh hal anu positif boh anu négatifna. Salah sahijina ngeunaan kalungguhan awéwé dina sagala rupa widang kahirupan. Awéwé miboga kalungguhan anu kacida pentingna, utamana dina nuluykeun katurunan (saluyu jeung kodratna). Ngan hanjakal loba nu teu sadar kana hal éta, kalahkah loba nu ngajejéléh, teu ngahargaan pisan. Awéwé sok dianggap mahluk anu lemah, teu bisa nanaon, ukur ngagugulung dapur, kasur, jeung sumur. Malahan ceuk Asmanidar (2015, kc. 15) mah nasib awéwé saacan datangna ajaran agama Islam, siga barang anu bébas rék dipaké naon waé gé ku lalaki. Awéwé ditempatkeun di kelompok kelas dua, gawéna ngan ngalayanan lalaki jeung kudu siap iraha waé lamun dibutuhkeun. Matak prihatin ngaregepkeun kaayaan awéwé jaman harita mah, nepi ka aya kesan *misogynist* (geuleuh ka kaum awéwé).

Di nagara Amérika gé kalungguhan awéwé asalna mah dianggap leuwih handap ti batan lalaki, lantaran dianggap teu bisa nanaon, teu ngarti nanaon, matak kudu ngagugu jeung hirupna gumantung ka lalaki. Di Amérika mah nepi ka konstitusi nagarana gé teu mihak ka kaum awéwé, hak kakawasaan ngan ukur milik kaum lalaki. Awéwé anu boga pangabisa saperti lalaki téh dianggap teu normal. Ningali kaayaan harga diri awéwé diapilainkeun ku nagara, para féminis di Amérika bajoang pikeun kamajuan kaum awéwé. Di abad ka-19, tujuan para féminis téh kahontal, kaum awéwé jadi boga kasempetan nyiar élmu, ancrub di dunya profésional jeung bisnis. Ti saprak harita, kaum awéwé jadi baroga pakasaban naon waé (Djajanegara, 1995, kc. 40-41).

Kitu ogé di Inggris, prosésna méh sarua jeung di Amérika. Kamajuan kaum awéwé di Inggris gé diperjuangkeun ku para féminis, utamana dina widang sosial jeung hukum. Baheula di Inggris loba awéwé anu jadi budak. Di Inggris mah loba dicaram ku pihak pamaréntah, hadéna dibantuan ku para féminis ti Amérika (Djajanegara, 1995, kc. 54-55).

Kalungguhan awéwé robah sanggeus datang ajaran Islam. Awéwé dianggap

mahluk anu mulya. Aspék kamanusaan awéwé jeung lalaki téh sarua, kaunggel dina Q.S. Al-Nisa', ayat 1: *“Yeuh manusa! Maranéh kudu takwa ka Allah anu ngayugakeun maranéh tina hiji jiwa (Adam) jeung ti manéhna Allah ngayugakeun bojona (hawa), jeung Allah ngarundaykeun ti éta dua manusa pirang-pirang lalaki jeung pirang-pirang awéwé. Jeung masing takwa maranéh ka Allah anu sok dipéntaan ku maranéh kalayan asma-Na, jeung piara tatali wargi, karana saéstuna Allah téh nu nalingakeun maranéh”*; Q.S. Al-Hujurat, ayat 13: *“Yeuh manusa! Saéstuna Kami ngajadikeun maranéh ti hiji lalaki jeung hiji awéwé, jeung Kami geus ngajadikeun maranéh jadi sababaraha bangsa jeung sababaraha golongan, supaya maranéh silih pikawanoh. Saéstuna jalma anu pangmulya-mulyana mungguhing Allah mah nya anu pangtakwana ti antara maranéh; saéstuna Allah téh Maha Uninga, Maha Ningali”*; Q.S. Al-Najm, ayat 45: *“Jeung saéstuna nya Anjeunna anu ngajadikeun sajodo-jodo lalaki jeung awéwé”*; jeung Q.S. Al-Qiyamah, ayat 39: *“Tuluy Anjeunna ngajadikeun tina éta (mani) téh sajodo; lalaki jeung awéwé.”* Éta dalil mangrupa bukti yén awéwé jeung lalaki téh kalungguhanana sarua, boga hak nu sarua, sarta duanana jadi pasangan hirup anu teu bisa dipisahkeun. Islam ngahargaan pisan ka awéwé saluyu jeung kodratna, henteu dibédakeun jeung lalaki dina masalah kamanusaan jeung hak-hakna. Awéwé miboga hak pikeun ibadah, hak dina widang pulitik, hak milih pasangan hirup, jeung hak nyiar élmu.

Abas dina artikelna anu dijudulan “Perempuan dalam Perspektif Sunda dan Islam” (2020, kc. 2) nétélakeun yén dina budaya Sunda awéwé ogé miboga kalungguhan anu penting pisan. Masarakat primordial Sunda ngalambangkeun awéwé téh Sunan Ambu. Sunan anu asalna tina ‘susuhunan’, hartina ‘disembah (dimulyakeun)’. Ambu nyaéta ‘ibu, anu méré kahirupan, anu mikaasih’. Rosidi (2009, kc. 54) nétélakeun yén ambu téh lambang kasuburan. Kitu ogé nurutkeun sawangan kosmologi masarakat Sunda Kuno, awéwé téh anu méré kahirupan. Disebut anu méré kahirupan téh lantaran sagala kabutuhan hirup disadiakeun ku nu jadi awéwé, ti mimiti kabutuhan lahir saperti dahar jeung pakéan nepi ka kabutuhan batin nyaéta kanyaah. Jadi kabayang lamun hirup euweuh indung (awéwé), tangtu bakal katalangsara.

Isu ngeunaan kalungguhan awéwé dicaritakeun ogé dina karya sastra Sunda.

Nurutkeun Isnendes (2004, kc.12), dina sastra Sunda kuno (utamana carita pantun) mah kalungguhan awéwé téh aya dina posisi pangluhurna. Ari dina sastra kiwari mah palaku awéwé téh ngagésér ka arah négatip (ti awéwé anu sampurna jadi ka arah awéwé nu dijieun sampurna). Dina sastra kiwari dicaritakeun paripolah palaku awéwé anu napak kana kahirupan nyata tapi ngalaman mangsa parobahan. Maranéhna disinghareupkeun kana pilihan-pilihan anu mungkin bakal kajadian (Isnendes, 2004, kc. 13).

Awéwé téh kudu boga pangarti sarta jembar pangaweruhna sangkan kalungguhanana leuwih dihargaan. Salah sahiji carana nyaéta awéwé kudu dibéré kasempetan pikeun ancrub ka dunya atikan. Sanajan pagawéanana loba di dapur, tapi uteuk kudu dieusi sarta haté kudu dilatih pikeun kamajuan dirina sorangan, leuwih jembarna mah sangkan mangpaat pikeun lingkungan sabudeureunana. Awéwé bisa ngabuktikeun kamampuhna dina widang séjén, awéwé gé bisa mandiri, teu ukur namprak ka salaki atawa ka kolot.

Jaman Indonésia can merdéka mah awéwé téh teu meunang sakola luhur-luhur, dicaram pisan nepi ka diancam sagala. Awéwé dititah sina cicing di imah, ngagugulung dapur waé. Padahal awéwé gé boga poténsi nu sarua jeung lalaki, boga poténsi dina maham sarupaning widang paélmuan nepi ka ngalarapkeunana, malahan mah bisa leuwih onjoy ti batan lalaki. Ngan hanjakal, kahalangan ku kawijakan-kawijakan anu teu logis, anu teu ngarojong kana kamajuan kaum awéwé. Matak pantes wé awéwé jaman harita dianggap lemah téh, teu bisa nanaon jeung teu apal nanaon.

Ningali kaayaan saperti kitu téh ngahudang sababaraha urang awéwé anu boga kawani ngabéla hak awéwé pikeun nyiar élmu, di antarana Radén Siti Jenab, Radén Dewi Sartika, Radén Ayu Lasminingrat, jeung Nyi Radén Rachmatulhadiah Poeradiredja. Éta awéwé-awéwé wanian téh pituin urang Sunda. Maranéhna bajoang sangkan awéwé henteu diapilainkeun dina widang atikan. Sagala rupa cara dilakonan nepi ka ahirna meunang aprésiasi nu hadé ti masarakat jeung pamaréntah. Satuluyna dijéntrékeun lalakon maranéhna.

Kahiji, Radén Siti Jenab, lahir di Cianjur taun 1890. Radén Siti Jenab ngawanohkeun sistem pendidikan ka kaum awéwé di Cianjur ngaliwatan konsép *door to door* (ka unggal imah ti hiji désa ka désa séjénna). Ari anu diajarkeunana

téh ngeunaan basa Sunda, basa Malayu, basa Walanda, ngitung, jeung budi pekerti.

Kadua, Radén Déwi Sartika, lahir di Cicalengka, 4 Désémber 1884. Ti leuleutik geus boga kahayang jadi guru, lamun ulin jeung babaturanana téh sok guguruan, manéhna nu jadi guruna. Déwi Sartika téh jadi *pelopor* dina widang atikan pikeun kaum awéwé. Nurutkeun pamikiranana, awéwé téh kudu cageur jeung bageur, sarta bisa ngurus rumah tanggana sorangan kalawan nyugemakeun. Salian ti éta, awéwé ogé kudu bisa hirup mandiri, henteu ukur gumantung ka nu jadi salaki. Ku kituna, kaum awéwé kudu boga pangabisa jeung nyangkem élmuna, salah sahijina ku cara ancrub ka dunya atikan. Tanggal 16 Januari 1904, Déwi Sartika ngadegkeun Sakola Istri (sakola husus keur awéwé) di Bandung. Taun 1910, éta sakola pindah ka Ciguriang jeung robah ngaranna jadi Sakola Kautamaan Istri. Pamaréntah Hindia Walanda ngarojong kana kamajuan éta sakola ku cara nyadiakeun gedung anyar nu leuwih alus jeung fasilitasna leuwih lengkep. Tuluy diganti ngaranna jadi Sekolah Radén Dewi (Rosidi, 2009, kc. 157). Taun 1913, Déwi Sartika gé ngadegkeun organisasi Kautamaan Istri di Tasikmalaya. Ku jasa dina widang atikan, Radén Déwi Sartika meunang pangajén ti pamaréntah. Déwi Sartika meunang tanda jasa bintang pérak di taun 1922 jeung tanda jasa bintang emas di taun 1940, nepi ka ahirna diaku jadi pahlawan nasional. Unggal tanggal 4 Désémber téh miéling jasa Radén Déwi Sartika (Rosidi, 2009, kc. 160).

Katilu, Radén Ayu Lasminingrat téh asalna ti Garut, katurunan sastrawan Sunda, Haji Muhamad Musa. Radén Ayu Lasminingrat ngawanohkeun pendidikan gaya barat ku cara narjamahkeun karya-karya basa deungeun kana basa Sunda sangkan babari dipikaharti ku masarakat Sunda, hususna kaum awéwé. Tujuan utamana pikeun ngawangun kapribadian kaum awéwé sangkan bisa mandiri jeung boga cita-cita anu luhung. Karya-karya anu ditarjamahkeun téh di antarana carita *Puteri Salju*, *Rapunzel*, *Cinderella*, *Hansel*, *Gretel*, jeung *Oleg Goeverneur* (carita dongéng). Taun 1907, anjeunna ngadegkeun Sakola Kautamaan Istri di lingkungan ruang gamelan, Pendopo Garut. Anjeunna ogé produktif dina nulis. Karyana nu kasohor nyaéta *Warnasari* (jilid 1 medal taun 1876 jeung jilid 2 medal taun 1887). Eusina téh nyaritakeun ngeunaan pangaruh anu kuat tina ambisi awéwé dina merjuangkeun hak-hakna.

Kaopat, Nyi Radén Rachmatulhadiah Poeradiredja (Emma Poeradiredja)

lahir di Bandung, tanggal 9 Maret 1880. Taun 1927, Emma ngadegkeun Dameskring nyaéta organisasi para pamuda anu museur kana ajén-inajén tina cita-cita Indonésia ngaliwatan sababaraha kagiatan, salah sahijina ngadegkeun organisasi husus keur awéwé. Anjeunna ogé ngadegkeun PASI (Pasundan Istri) nyaéta organisasi kaum awéwé di Jawa Barat anu getol merjuangkeun nasib sarta kapentingan rahayat di Jawa Barat.

Ngeunaan kawani awéwé anu merjuangkeun kapentingan rahayat téh kacaritakeun ogé dina sastra Sunda dina wangun novél anu judulna *Sandékala* karangan Godi Suwarna, medal taun 2007 (Maryanti, 2017, kc. 182). Palaku Déwi dina éta novél ngawakilan sora awéwé dina kahirupan nyata. Pangarang ngingetan ka pamaca yén kaum awéwé téh boga ketak, bisa mandiri, bisa boga pangaweruh nu jembar, jeung boga pangalaman anu hadé dina widang nu tangtu. Ku kituna, ulah cicing waé, ulah daék dipapaksa ngalakukeun hal nu salah, jeung kudu daék nyorakeun kereteg nu hadé, komo pikeun kapentingan balaréa mah.

Isu anu diangkat dina novél *Sandékala*, ahirna bisa ngawujud dina kahirupan nyata. Ayeuna mah kaum awéwé téh geus dibéré hak nu sarua jeung lalaki dina widang atikan. Salila boga sumanget jeung kamampuh, dimeunangkeun nyiar élmu nepi ka tingkat nu pangluhurna. Moal matak aya nu nyaram. Malahan mah dibéré kasempetan ogé pikeun ngaluluguan. Ti saprak dunya atikan geus loba diluluguan ku kaum awéwé sarta ngalaman kamajuan, kalungguhan awéwé téh jadi leuwih dihargaan.

Salian di dunya atikan, kaum awéwé ogé dibéré luang di dunya pulitik. Korsi pamaréntahan meunang dieusian ku kaum awéwé. Ahirna, di Indonésia jul-jol awéwé anu warani ancub ka dunya pulitik pikeun merjuangkeun kapentingan masarakat, malahan mah aya nu nepi ka bisa jadi pamingpin di antarana Megawati Soekarnoputri, Puan Maharani, Popong Otje Djundjuran, jeung Rieke Diah Pitaloka. Satuluyna dijéntrékeun lalakon kaum awéwé anu bisa jadi pamingpin di dunya pulitik.

Pamaréntahan Indonésia kungsi dipingpin ku awéwé, Megawati Soekarnoputri. Megawati téh présidén Indonésia kalima (2001-2004) jeung présidén awéwé Indonésia anu munggaran. Jiwa kapamingpinan Megawati nurun ka budakna nu awéwé, Puan Maharani anu ayeuna boga jabatan Ketua DPR RI

(2019-2024). Puan téh ketua DPR RI awéwé anu munggaran.

Salian ti Megawati jeung Puan, awéwé Sunda gé aya nu bisa manggung di dunya pulitik, nyaéta Popong Otje Djundjunan (Ceu Popong) jeung Rieke Diah Pitaloka. Popong Otje Djundjunan (Ceu Popong) téh anggota DPR RI awéwé anu pangkolotna (1987-1999 jeung 2009-2019). Ceu Popong kungsi mingpin sidang rapat paripurna DPR RI (2014-2019), jadi Ketua Pasundan Istri (1983-2005), Ketua Dharma Wanita Kotamadya Bandung (1974-1976). Rieke Diah Pitaloka téh tokoh pulitik awéwé anu resep kana widang sastra jeung sosial masarakat nepi ka ngadegkeun hiji yayasan anu dingaranan Yayasan Pitaloka. Rieke jadi anggota DPR RI ti taun 2009 nepi ka ayeuna gé masih ngajabat.

Kapamingpinan kaum awéwé aya ogé dina Al-Qur'an, kaunggel dina Q.S. Al-Naml ayat 20-44. Dina éta ayat dicaritakeun Ratu Sheeba Balqis téh pamingpin anu wijaksana, boga pangaruh, jeung démokratis. Ku kituna, Ratu Balqis disebut pamingpin sajati, pamingpin anu ngutamakeun kapentingan rahayatna. Ku kituna, Ratu Balqis kacida diajénan tur dipikanyaah pisan ku rahayatna.

Dina sastra Sunda kuno gé aya nu nyaritakeun kapamingpinan awéwé, nyaéta carita pantun *Lutung Kasarung*. Kacaritakeun aya dua palaku awéwé ngaranna Purba Sari jeung Purba Rarang. Maranéhna téh adi lanceuk. Sanajan Purba Rarang téh lanceuk tegesna Purbasari, tapi bapana (Prabu Tapa Ageung) ngawariskeun karajaan Pasir Batang téh ka Purba Sari, lantaran Purba Sari lain ukur hadé rupana tapi ogé boga pasipatan anu hadé. Purba Sari téh méh sarua jeung Sunan Ambu anu ngawasa di Kahiang, di alam rohani. Ngan, Purba Rarang teu narima lamun Purba Sari nu dibéré kakawasan di Buana Pancatengah. Tuluy Purba Sari dibéré sababaraha ujian. Sanggeus diuji ku sababaraha cara, kabuktian yén Purba Sari téh loba kaonjoyanana ti batan Purba Rarang. Manéhna dipercaya boga jiwa kapamingpinan anu hadé (Rosidi, 2009, kc. 55).

Kaonjoyan kaum awéwé anu boga jiwa kapamingpinan anu hadé téh lain ukur dicaritakeun dina sastra Sunda kuno (carita pantun *Lutung Kasarung*), tapi ogé dina sastra Sunda modéren nyaéta novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman. Éta novél nyaritakeun lalakon pajabat awéwé anu harayang ngarobah nasib rahayatna sangkan jadi leuwih maju. Mémén Durachman téh salah saurang dosén ti Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra, Jurusan Pendidikan Bahasa dan

Sastra Indonesia, Universitas Pendidikan Indonesia. Widang paélmuanana museur dina widang sastra, tradisi lisan, jeung folklor. Manéhna dosén anu kawilang produktif dina nulis karya sastra. Novél *Istri-istri nu Dipihormat* téh mangrupa karya nu panganyarna medal di ahir taun 2021. Palaku awéwé anu digambarkeun ku Mémén dina éta novél téh mangrupa wujud tina alam bawah sadarna, atawa bisa jadi cara Mémén ngadéskripsikeun awéwé anu dipikaresepna. Éta hal saluyu jeung naon nu dijelaskeun ku Isnendes (2004, kc. 13) ngeunaan kasang tukang pangarang dina ngagambarkeun palaku.

Novél *Istri-istri nu Dipihormat* téh medalna bisa tina pangalaman pangarangna sorangan, hasil niténan lingkungan sabudeureun atawa gabungan tina duanana. Hasil mikir jeung niténan téh diruntuykeun ngagunakeun kekecapan anu ngawangun kalimah-kalimah, paragraf, nepi ka jadi hiji téks anu hadé tur éndah pikeun diapresiasi. Satuluyna, éta karya téh bisa dimangpaatkeun ku pamaca, utamana pikeun nyumponan pangabutuh batin. Salian ti éta, karya sastra bisa dimangpaatkeun minangka pakakas komunikasi, pakakas nuluykeun tradisi jeung revitalisasi budaya, sarta pangwangun ajén kamanusaan/humaniora (Isnendes, 2010, kc. 17). Jadi, gunana karya sastra téh lain keur nyumponan pangabutuh batin hungkul; ukur dibaca tuluy haté ngarasa sugema (panglipur haté). Wellek & Warren (dina Isnendes, 2010, kc. 13) nyebutkeun aya opat gunana sastra téh: 1) bisa ngagantikeun pangalaman langsung; 2) bisa dijadikeun dokumen sosial ku sajarawan; 3) ngandung ajén kognitif; jeung 4) ngandung unsur psikologis.

Novél *Istri-istri nu Dipihormat* téh mangrupa réaksi ti Mémén Durachman kana kaayaan sosial-budaya ayeuna anu aya patalina jeung kalungguhan awéwé salaku pamingpin pikeun ngarobah nasib rahayatna. Eusina nyaritakeun lalakon wanoja Sunda anu jaradi pajabat: Déwi Kunti (Ketua DPRD Kota Bandung), Déwi Kania (Walikota Bandung), jeung Déwi Asri (Ketua DPRD Provinsi Jawa Barat). Maranéhna gawé bareng pikeun ngarobah budaya masarakat Sunda anu statis jadi dinamis. Ieu novél téh bisa diapresiasi ku saha waé, hususna ku barudak sakola, ngan pantesna mah ku siswa SMA anu pamikiranana geus mimiti déwasa. Hadéna mah di usia SMA téh kudu geus bisa mikiran kahirupan mangsa ka hareupna, sangkan bisa nangtukeun léngkah satuluyna sanggeus lulus ti SMA. Pilihana nyaéta nuluykeun sakola (kuliah), nikah, digawé, atawa cicing waé di imah

(nganggur). Sabenerna mah lolobana hayang nuluykeun sakola, ngan ku sabab sababaraha faktor ahirna loba nu milih langsung digawé sabisa-bisa jeung aya nu tuluy ditikahkeun ku kolotna, komo ninggang di budak awéwé anu cicingna di lembur padésaan mah, sok langsung dijurungkeun kawin.

Dumasar kana kamekaran jaman ayeuna, geus loba siswa lulusan SMA nu hayang nuluykeun sakolana ka mancanagara. Ngan masalahna, urang Sunda boga adat “ngotok ngowo”, hartina ‘cicing waé di lembur sorangan; henteu liar’. Kolot-kolotna téh teu ngidinan barudakna nuluykeun sakola ka mancanagara. lantaran jauh teuing, jadi loba kasieun. Sanajan geus ditawarkan béasiswa gé angger wé, can kahudang sumangetna pikeun nyakolakeun barudakna ka mancanagara. Ieu masalah téh dicaritakeun dina novél anu judulna *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman (2021). Pangarang kawasna hayang ngajak pamaca, hususna anu pituin urang Sunda, sangkan daék ngarobah pola pikir yén lamun hayang kahirupan anu leuwih suksés téh lain kudu ngagugulung di lembur hungkul, tapi kudu daék ingkah pikeun nyiar élmu katut pangalaman dina sagala hal anu satuluyna bisa ngangkat harkat darajat kulawarga.

Lamun geus boga pola pikir anu hadé tangtu karakterna gé bakal hadé. Karakter anu hadé téh perlu diwangun jeung diaping ti keur sakola kénéh. Mangsa sakola téh mangsa kritis pikeun karakter hiji jalma (Apriliyani, 2015, kc. 2). Ku kituna, guru dipiharep bisa nyusun bahan pangajaran anu ngandung ajén atikan karakter. Dina pangajaran sastra hususna, barudak kudu diasongan karya-karya sastra anu hadé, utamana ngandung ajén atikan karakter anu satuluyna bakal dilarapkeun ku siswa dina kahirupan sapopoéna.

Ajén atikan karakter téh nyampak dina carita novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman. Katitén tina judulna anu ngahudang kapanasaran ngeunaan karakter-karakter awéwé anu dipihormat, diajénan, jeung dihargaan ku balaréa. Dina éta novél dicaritakeun réngkak paripolah awéwé nu jadi pamingpin, ti mimiti cara mikirna, ngalampiaskeun napsuna, nyinghareupan sarupaning pasualan ngeunaan rumah tangga jeung pagawéanana. Di ahir carita, para palaku ngalaman parobahan kapribadian. Ari parobahan kapribadian palaku téh bisa dianalisis ngaliwatan studi sastra, salah sahijina psikologi sastra (Azmi, 2018, kc. 2). Tujuan psikologi sastra téh pikeun maham aspék-aspék kejiwaan nu aya dina



karya sastra (Ratna, 2013, kc. 342). Éta tujuan téh bakal kahontal ku cara neuleuman watek palaku katut paripolahna. Ari palaku téh mangrupa salah sahiji unsur nu aya dina karya sastra. Unsur-unsur karya sastra bisa kaguar sagemblengna kalawan écés tur jéntré ku cara ngagunakeun tiori struktural. Tina unsur-unsur carita téh bisa dilegaan tur dijeroan deui analisisna ngagunakeun sababaraha pamarekan anu saluyu jeung karakter karya sastrana sorangan.

Dumasar kana pedaran di luhur, ku kituna perlu dilaksanakeun panalungtikan anu judulna “Novél *Istri-Istri nu Dipihormat* Karya Mémén Durachman (Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra)”. Panalungtikan dimimitian ku ngaguar struktur caritana, tuluy diteuleuman ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Tina hasil analisis psikologi sastra téh bakal kapanggih ogé ajén-ajén karakter anu hadé.

Saméméhna geus aya nu nalungtik ngeunaan struktur novél jeung psikologi sastra, nyaéta D. Nurfajrin Ningsih (2014) anu judul tésisna “Novél -novél Sunda anu Medal Taun 2013 (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)”. Tiori psikologi sastra nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu geus dilakukeun ku Ningsih téh sarua, nyaéta tiori kapribadian ti Sigmund Freud. Bédana mah palebah tiori struktural nu digunakeun. Ningsih ngagunakeun tiori ti Robert Stanton, sedengkeun ieu panalungtikan mah tiori ti Tzvetan Todorov. Aya ogé anu geus nalungtik ngeunaan struktur novél jeung psikologi sastra anu dipatalikeun kana pangajaran maca novél , nyaéta Siti Maésaroh (2019) anu judul tésisna “Strukturalisme jeung Psikologi Sastra Novél *Saéni* Karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XI di SMA”. Maésaroh ngagunakeun tiori struktural nu sarua jeung Ningsih (tiori struktural Robert Stanton). Dina ieu panalungtikan, analisis psikologi sastrana dilegaan ku ngulik ajén atikan karakter anu digambarkeun ngaliwatan unsur palaku. Éta hal anu ngabédakeun panalungtikan Maésaroh jeung ieu panalungtikan. Salian ti éta, aya deui panalungtik anu ngalarapkeun tiori struktural ti Robert Stanton jeung psikologi sastra ti Sigmund Freud, nyaéta Masniara Nurul Azmi (2018) anu judul panalungtikanana “Ulikan Strukturalisme jeung Psikologi Sastra kana Kapribadian Palaku dina Novél *Lain Éta* Karya Moh. Ambri”.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu dijudulan “Novél *Istri-Istri nu*

*Dipihormat* Karya Mémén Durachman (Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” téh dipiharep bisa ngalengkepan tur ngeuyeuban panalungtikan saméméhna, hususna ngeunaan struktur carita novél jeung psikologi sastra.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah nu rék ditalungtik téh dirumuskeun saperti kieu di handap.

- a) Kumaha struktur carita (galur, jejer, palaku, latar, puseur sawangan jeung gaya basa) dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman?
- b) Kumaha aspék-aspék psikologi (*id*, *ego*, jeung *superego*) dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman sarta patalina jeung ajén atikan karakter?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung rumusan masalah anu diwincik di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum jeung husus, sakumaha ieu di handap.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung nganalisis struktur carita jeung aspék-aspék psikologi sarta pikeun ngeuyeuban pangaweruh hasanah sastra Sunda dina wangun novél.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun:

- a) struktur carita (galur, jejer, palaku, latar, puseur sawangan jeung gaya basa) dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman; jeung
- b) aspék-aspék psikologi (*id*, *ego*, jeung *superego*) dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman sarta patalina jeung ajén atikan karakter.

## 1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Ngayakeun panalungtikan téh henteu ngan saukur nyumponan sarat akademis, tapi panalungtik geus neundeun harepan nu bakal mangpaat keur balaréa.

Dipiharep ogé bisa ngeuyeuban pangaweruh dina dunya paélmuan jeung atikan. Hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun tina jihat tioritis, praktis, kawijakan, jeung isu/aksi sosial. Ieu di handap dijéntrékeun unggal mangpaat anu dipiharep ku panalungtik.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun dunya paélmuan, di antarana waé:

- a) bisa ngajembaran pangaweruh urang utamana anu raket patalina jeung tilikan struktural sarta psikologi sastra dina novél;
- b) ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun tatapakan pikeun panalungtikan satuluyna anu sarupa;
- c) bisa ngamotivasi panalungtik séjén pikeun ngayakeun panalungtikan nu leuwih teleb tur mundel ngeunaan kajian struktural jeung aspék psikologi dina novél; sarta
- d) bisa dijadikeun eunteung dina ambahan dunya sastra Sunda.

#### **1.4.2 Mangpaat Kawijakan**

Hasil ieu panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun salah sahiji kasang tukang dina nangtukeun kawijakan anyar atawa ngaropéa kawijakan nu kungsi dilumakukeun patalina jeung karya sastra atawa pangajaran sastra. Éta kawijakan anyar téh bakal némbongkeun panitén *stakeholder* jeung ngaronjatkeun kasadaran pentingna kalungguhan karya sastra di dunya atikan. Ku kituna, para pangarang bakal leuwih sumanget ngahasilkeun karya-karya sastra anu leubeut ku ajén-inajén. Malahan mah bisa ngirut pangarang-pangarang anyar.

#### **1.4.3 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, tina hasil ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun jadi salah sahiji bahan aprésiasi sastra. Mangpaat praktis séjénna di antarana:

- a) pikeun panalungtik: ngajembaran pangalaman dina widang sastra katut pangajaranana.
- b) pikeun guru: ngalarapkeun hasil ieu panalungtikan kana pangajaran sastra

Sunda.

- c) pikeun sakola: aya kawijakan nambah sumber bacaan sastra.

#### 1.4.4 Mangpaat Isu/Aksi Sosial

Ieu panalungtikan téh hasilna bisa dimangpaatkeun ku masarakat pikeun maham eusi karya sastra ngeunaan struktur carita novél, psikologi sastra, sarta ngalarapkeun ajén atikan karakter dina kahirupan sapopoé. Masarakat bisa nangtukeun hal-hal anu jadi picontoeun jeung pieunteungeun tina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman. Lantaran dina éta novél henteu ngan saukur nyaritakeun kajadian anu hadé, tapi ogé nyaritakeun kajadian anu kurang hadé.

### 1.5 Struktur Organisasi Tésis

Raraga tulisan dina hiji panalungtikan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkahna jeung gurat badag konsép laporan panalungtikan. Raraga tulisan ieu laporan panalungtikan diwincik saperti kieu di handap.

#### **BAB I: Bubuka**

Bab I mangrupa bagian mimiti anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (umum jeung husus), mangpaat panalungtikan (tioritis, praktis, kawijakan, jeung isu/aksi sosial), jeung raraga tulisan.

Dina ieu panalungtikan, Bab I medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan anu patali jeung judul panalungtikan nya éta “Novél *Istri-istri nu Dipihormat* Karya Mémén Durachman (Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra)”.

#### **BAB II: Landasan Tiori**

Landasan tiori miboga fungsi minangka tatapakan tiori anu ngarojong kana masalah anu dipedar dina panalungtikan, eusina téh ngeunaan konsép-konsép/tiori-tiori nu aya patalina jeung masalah nu keur ditalungtik. Dina ieu bab, ngabahas pamanggih sababaraha ahli atawa anu saacanna geus ngayakeun panalungtikan nu méh sawanda jeung ieu panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, landasan tiori anu dipedar patali jeung masalah-masalah anu ditalungtik, nya éta ngeunaan novél, tilikan struktural, jeung psikologi

sastra.

### **BAB III: Metodologi Panalungtikan**

Bab III eusina ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Dina ieu bab dibahas sumber data, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan (ngumpulkeun jeung ngolah data), instrumén panalungtikan, desain panalungtikan, jeung prosedur panalungtikan.

### **BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pembahasan**

Hasil analisis ngeunaan masalah nu ditalungtik téh dibahas dina Bab IV. Sakabéh pamanggih panalungtik didésripsikeun kalayan jéntré saluyu jeung tiori katut métodologi nu geus ditangtukeun. Panalungtik ngabéjérbéaskeun hasil tilikan struktural jeung psikologi sastra tina novél *Istri-istri nu Dipihormat* Karya Mémén Durachman.

### **BAB V Kacindekan jeung Saran**

Dina Bab V pamanggih panalungtik téh dicindekkeun, nyoko kana tujuan panalungtikan nu geus ditangtukeun. Tuluy panalungtik méré saran pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, misalna pikeun masarakat salaku aprésiator karya sastra, ogé pikeun pamaréntah atawa sababaraha lembaga anu patali jeung kamekaran paélmuan sastra-budaya Sunda.